♦1918 гъэм Совет Урысейм япэ маркэхэр къыщыдагъэкІащ.

♦1928 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Акъбащ ГЭС-р щатащ.

♦1941 гъэм Москва и Утыку Плъыжьым Дзэ Плъыжьым и парад щекІуэкІащ. Полкэр абы иКІри занщІэу зауэм Іухьащ.

♦Совет тхакІуэ, «Чапаев» роман щІэрыІуэр зи Іэдакъэщ Іэкі **Фурманов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Зелёная Ринэ** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Милляр Георгий** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ **ЕхъулІэ Сэфар** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, журналист **Щ ІэщІыкІу Нурий** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-м и КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Быгуэ Іэхэрэталий** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Пётр** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакІуэ **Джэдгъэф Борис** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦АР-м и япэ президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Джарым Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Уэрэдзкіакіуэ, УФ-м щыхь зиІэ и артист, АР-м и цІыхубэ артист **Анзэрокъуэ Чеслав** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 9, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ахъшэр пшахъуэщи, гъащІэр пцІащхъуэщ.

● Лъэпкъ Іуэху

КъБКъУ-м щекІуэкІа дерс гъэщІэгъуэн

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэІущІэ гъэщІэгъуэн щекІуэкІащ иджыблагъэ. Философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Унэж Кашиф КъБКъУ-м и япэ курсым щеджэ студентхэм я деж КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм теухуауэ щыригъэкІуэкІ дерсхэм языхэзым къригъэблагъат филологие щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэ литературэмкІэ и къудамэм и щІэныгъэрыдажьэ нэхъыжь Бакіуу Хъанджэрийрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хъэфыщіэ Мухьэмэдрэ.

ЗЭІУЩІЭР къыщыззІуихым Унэж Кашиф къызэхуэсахэм зэрызахуигъэза пэублэ псалъэм къыщигъэлъэгъуауэ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр джыныкІэ дисциплинэм кьызэщІиубыдэу КъБР-м и цІыху пэрытхэм ящыщ куэдым мыпхуэдэ зэІущІэгъэр дзатІэкІуэкІыну зэрамурадыр икІи идыырей зэхуэзэмкІэ а Іуэхугъэр яублэу зэрыщытыр. ЩэныгъэлІым къыхигъащащ, егъэджэныгъэм къыдэкІуэу, абыхэм къэралым и цІыху нэс гъэсэным гулъытэ хэха зэрыхуащІыр, икІи абы кьрикІуэу дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми и кьалэну ялъытэ КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я тхьидэр, щэнхабзэр эхъыфІу яджыныр, ди цІыху пажэхэр нэхъри гьунэгъу зрагъэцІыхуныр.

Ялъэ псалъэ зрата Бакіуу Хъанджэрий кІэщІу къытеувыІащ лъэпкъым и тхьидэр джынымкІэ, и нобэрей гъащІэм нэхъри гьунэгъу зыхуэщІынымкІэ иджырей студентхэм Іэмал куэд зэраІэр, а Іэмалхэр гъэбэгъуэным, егъэфІакІуэным щІэныгъэлІ, тхакІуэ, щэнхабзэрылажьэ куэд зэрытелажьэр.

- Мы дунейм зы лъэпкъи теткъым адыгэжым хуэдэу зэбгрыдза хъуа. Апхуэдэу зэпэщІэу псэу лъэпкъым и бзэри, и щэнхабзэри пхъужмэу нэхъ гуэрыІ. Лъэпкъыл куэдми хуэдэу, Хъэфыщіэ Мухьэмэд хэлъхьныгъэшхэу хуищІащ хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр зэтеублэным, ахэр нэхъ быдэ щІыным. Абы и щІыхьэтщ Мухьэмэд теухуауэ иджыблагъэ дунейм къытехьа, абы адыгэ лъэпкъым хуилэжьым и кууганым теухуауэ цІыху цІэрыІуэхэм, абы и ІуэхущІафэхэм щыгъуазэхэм эзэмэ зэхуэмыдэхэм хужаІахэр, хуатхахэр щызэхуэхьса тхыльыщІэр. Хэхэсхэм я псэукІэм хэкурысхэр щигъэгъуззэным теухуауэ ХьэфІыцІэм и Іэдакъэ къыщІэкІа тхьилъхэр куэдым кьахуэсэбэпащ, абы и къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу доктор диссертацэу плІым адыгэ щІэныгъэлІхэр елэжьащ, - жиІащ Бакіуу Хъанджэрий.

Апхуэдэу Хъанджэрий ныбжьыщІэхэр къыхуриджащ къэралым хуэсэбэпын цІыху кьахэкІыну, глобализацэм зыдрагъэхьэхыу я анэдэлъхубзэр зыщамыгъэгъупщэну. ЩІэныгъэлІыр нэхъыбэу зыгъэгъазэ Іуэхугъуэхэм ящхьэу жиІащ иджырей щІалэгъуалэм литературэр ІэщІыб зэращІыр, цІыхупсэр ззэыгъэпщІ литературэр компьютеррэ телефонкІэ зэпхъуэкІ зэрымыхъунур.

Лъэпкъыбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъуманымкІэ, лъэпкъым и фІыр гъэлъэпІэнымкІэ кьалэнышхуэ зыгъэзащІэ «Адыгэ псалъэ» газетым и кьаурм тепсэлъыхьащ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд. Абы студентхэр кІэщІу щыгъуазэ ищІащ адыгэхэр щикъухьа щІыпІэхэм, абыхэм я псэукІэм. Апхуэдэу ар кьытеувыІащ щэнхабзэ, гъуаздж, литературэ, щІэныгъэ, спорт Іэнатіэмэ хэхэс адыгэхэм ящыщу кьыщыхэжанакІахэм, абыхэм ятеухуа газет кьыдэкІыгъуэхэмкІэ, тхылъхэмкІэ, телевиденэ, радио нэтынхэмкІэ ди зэпыщІэныгъэхэр нэхъри быдэ щІыным зэрытелажьэр.

- БлэкІар зымыщІэр къэкІуэнум хуэхейщ, - жаІэ. Дэтхэнэ лъэпкъми и блэкІам щапхъэфІ кьыызыхэпхьн куэд хэлъщ. Апхуэдэщ адыгэхэри. Мысырым илъэс 300-м нэблагъэкІэ адыгэ мамлюкхэр щытепщэу щыщытар кьапщтэми, Кавказ зауэм ирикъухьу хамэ кэралхэм кьыщыхутами, блэкІа лІэщІыгъуэхэм Урысейм и тхыдэм кьыхэна дэфтэрхэм ухэпльэжьми, адыгэхэм сытым дежи я пщІэр лъагэу, зыдэпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм емыбакъуэу, я лъэпкъыщІэр фІыкІэ фІэкІа кьрамыІуэу псэуащ, - кьажриащ лъэхъэнэ.

ХьэфІыцІэм. А псалъэхэм щыхьэт техъуэу Мухьэмэд игу кьигъэкІыжащ Израилым щыІэ Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ гъэмахуэм адыгэ щэнхабзэм и фестиваль зэрыщекІуэкІар, икІи ар нэхъ убгъууэу, нэгуэныжьу кьызэрагъэпэщын папщІэ, а къэралыгъуэм мылъкушхуэ зэрытригъэкІуэдар.

ЗэІущІэм и кІэуэм ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и тхылъыщІэхэм щыщ кьызэхуэсахэм яхуигъэшащ икІи университет библиотекэм тхылъи 100 тыгъэ яхуищІыну кьигъэгугащ.

ЩОДЖЭН Іэминат.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа еджагъэшхуэхэм ящыщщ КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Дунейпсо генеалогие академием и академик, этнограф цІэрыІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Мусукаев Ахъмэт Ибрэхым и къуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэлІхэм ящыщу а хэкупсэращ генеалогие унэтІыныгъэм гулъытэ хэха япэу хуэзыщІар. Лъэпкъ щІэныгъэлІ щыпкъэм иджыблагъэ игъэлъэпІащ и илъэс 70 юбилейр.

● ДифІ догъэлъапІэ

ЩІэныгъэлІ щыпкъэ



ЩІЭНЫГЪЭМ и унэтІыныгъэхэу этнологиемкІэ, этнографиемкІэ, генеалогиемкІэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлІ цІэрыІуэм 1968 гъэм ехъулІэныгъэкІэ кьыучхащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутыр. Зригъэгъуэта Іэщ1агъэмкІэ лэжьэн щІидзами, Мусукаевыр хуабжьу дихьэхырт кьыізыхэкІа лъэпкъым и тхыдэм, и хабзэхэмрэ нэщэнэхэмрэ. Къэхутэныгъэм дихьэх Іэщ1агъэлым а унэтІныгъэхэмкІэ и щІэныгъэм хигъэхъуэну мурад ищІащ икІи щІэтІысхьащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием ЭтнографиемкІэ и институтым и аспирантурэм. А илъэсхэр абы сэбэпышхуэ кьызэхъуэащ губгъуэ кьэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыным пыщІа методикэм, Іэзагъым щІыгъуазэ зыхуищІынымкІэ, дафтэр хъуманІэхэм щІэлъ тхылъхэм зэрадзэлэжьэн хуей щІыкІэхэми Іэижь хуэхъуащ. Апхуэдэу щІэныгъэлІ Мусукаевым иІэ зыхуащ зыми емыщІхь Іэзыу бгъэдыхьэкІэ мардэ. Этнографие гъэзэгуанэхэр, зекІуэ кІыхьхэр, студентхэм ядригъэкІуэкІ губгъуэ кьэхутэныгъэхэр, Къэрал архивхэм, музейхэм, библиотекэхэм щІэзэфІих лэжьыгъэхэр - а псори хъуащ хэкупсэ нэсым и гъащІэм и Іыхьэ инк.

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм ирихьэлІэу Мусукаевым игъэкІуэкІат лъэпкъхэм я кьекІуэкІыкІам, я тхыдэм ехъэхутэныгъэ хьэпэмэтхэр. Абы зэхуихьэсыжыт унагъуэхэм, лъэпкъхэм ехьэлІа хъыбархэр. Ахэр и лъабжьэу щІэныгъэлІым игъэхьэзыращ икІи дунейм кьытригъэхьащ генеалогиемкІэ лэжьыгъэ куэд. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Ящымыгъупщэжа ди блэкІам щыщ» (1975 гъэ), «Балъкъэр тукум» (1978 гъэ), «Балъкъэрымрэ а лъэпкъым и Іыхьхэмрэ ятеухуауэ» (1982 гъэ), «УнагъуэцІэхэм я кьежьапІэр» (1992 гъэ), «Лъэпкъым я пІэщІыгъуэхэр» (1998 гъэ), нэгуэщІхэри. А лэжьыгъэм ноби пщІэшхуэ щаІащ щІэныгъэ дунейм. Ахэр сэбэпышхуэ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм, унагъуэхэм я блэкІар зэфІэгъэуэвжьныкІэ, ахэр я тегъэщІапІэщ а унэтІныгъэмкІэ къэхутэныгъэ езыгъэкІуэкІыну гукъыдэж зыщІ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я дежкІи. Къищынэмыщ1аУэ, профессор цІэрыІуэм и лэжьыгъэхэр яфІэхьэлэмэтщ зи блэкІар, зи нобэр зыщІэну хуей хэкупсэ куэдым, генеалогием дихьэхэм.

1993 - 1994 гъэхэм Мусукаевым Ахъмэт къыхуагъэфэщащ РАН-м Фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкІэ и фондым кьыбгъэдэкІ грантитІ. А зэман дыдэм ар хъуащ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и япэ стипендиат. Апхуэдэу ар хахащ Фыс пщы лІакІуэхэм я союзым кьепхуэу лажьэ Тхыдэлъпкъ зэгухьэныгъэм и дириктелыгъ члену. ЩІэныгъэлІ щыпкъэм и жэрдэмкІэ а лъэхъэнэм дуреспубликэм кьыщыізэрагъэпэщауэ щытащ КъБР-м и Тхыдэлъпкъ зэгухьэныгъэ. 2000 гъэм ар хъуащ Кавказ Ищхьэрэм и геенеалогие зэгухьэныгъэм и япэ унафэщІ, а унэтІныныгъэмкІэ щыналъэм щекІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэр иунэтІу.

Щалъхуа и хэкум, кьыызыхэкІа лъэпкъым я ехъулІныгъэхэм папщІэ зэфІиха апхуэдэ лэжьыгъэ купщІафІэхэр гулъытэншэ хъуакъым. Абы кьыхуагъэфэщащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, нэгуэщІ къэрал Іэнатіэхэм кьабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр, кьыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр.

- ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэ Мусукаев Ахъмэт зи лъэпкъыми, щыналъэми, къэралми псэ хьэлэту ягъэлажьэ цІыху щыпкъэщ, - жеІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэдж-кьэхутакІуэ Къармэ Руслан. - Сэ мызэ-мытІуэ хуеин сыхъуащ а щІэныгъэлІым генеалогиемкІэ и чэнджэщ икІи дапщэщи абы и деж щызгъуэтащ сызыщІэупщІэ псоми я жэуап зэпкрыха. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт Мусукаевым зэфІиха лэжьыгъэхэр ди щыналъэм и тхыдэм и хэлъхьэныгъэшхуэу зэрыщытыр.

Къармэм и псалъэхэм пищэу, Мусукаевым топсэлъыхь урысей генеалог цІэрыІуэ Шумков Андрей. Абы зэрыжиІэмкІэ, шэч хэлъкъым Мусукаевым иджыри лэжьыгъэ купщІафІэ куэд и къалэмыпэм кьызэрыпыкІынут.

ЗэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІ цІэрыІуэм, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ ІэкіуэлъакІуэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иІэу, насыпыфІэу яджыри куэдрэ лъэпкъым, къэралым хуэлэжьну.

КЪАРДЭН Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэІухуд

● Зэпеуэ

Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм илъэс 16 - 25 ныбжьым ит хъыджэбз 17 зыхэта «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэІухуд-2016» зэпеуэр щекІуэкІащ.

ТХЬЭІУХУДЭМ я зэпеуэр зэрырагъэкІуэкІ хабзэм нэгуэщІхэри дыщІагъуауэ, иджырейр нэхъ ящІэщыгъуэт. Псалъэм папщІэ, Щэнхабзэмкіэ унэм и пэІущІэ пэшым хьэщІэхэм «къэпсэуа» скульптурэхэр къащыпежьат. Іуэхур щекІуэкІ пэшышхуэм щысфІадза экран иныжкІэ къагъэлъэгъуэжырт пщащэхэм зэпеуэм зэрызыхуагъэхьэзырар.

ГъэщІэгъуэну яублат зэпеуэри. Хур пщащэу хуэпа ныбжьыщІэ цІыкІухэм я Іэпэр яІыгъуу хъыджэбзхэр утыку кьихьащ.

Акъыл жану, Іуэху куэдым хуэІэкІуэльакІуэу, иджырей гъащІэм хэзагъэу зыкъзэзыгъэлъэгъуа, зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ пщащэ 17-м щыщу «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэІухуд-2016» цІэ лъапІэр зыхуагъэфэщар Хьэтщыкъуэ ФатІимэщ. «КЪБР-м и тхьэІухуд ныбжьыщІэ» цІэр Геккиевэ Эльвирэ Фащащ, япэ вице-миссыр Михайловэ Анастасиещ, етІуанэ вице-мисс хъуар Иуан Дианэщ.

КьыхэзгъэщІпхъэщ Хьэтщыкъуэм Интернетым щрагъэкІуэкІа Іэлэтымкіэ «Мисс Instagram» цІэри кьызэрыфІащар.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэІухуд» зэпеуэр «Dakshin Production» медиа-холдингымра «Fashion07» модельнэ агентствэмрэ зэгъусэу, КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и хъалэ комитетыр, КЪБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ, Спортымкіэ и министерствэхэр я дэІэпыкъуэгъуу кьызэрагъэпэщащ.

Зэпеуэм и билетхэм кьыщІахам щыщ иратынущ фошыгъу уз зыпкърытхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаІэ «Диа-лайф» ассоциацэм.

Илъэс 22-рэ зи ныбжь Хьэтщыкъуэ ФатІимэ мы гъэм МКЪУ-м дизайнымрэ технологиемкІэ и къудамэр диплом плъыжькІэ кьиуагъащ.

- Ди унагъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрми Абхъаз Республикэми дыщопсэу, - жеІэ пщащэм. - Пшыхь фащэ, нысащІэ фащэхэр пщІэкІэ ттыуэ Абхъазым студие щыдиІэти, зэпеуэм хэтыну пщащэхэр ди фащэхэмкІэ тхуэпэну дагурыІуат Іуэхур езыгъэкІуэкІынухэм. Апхуэдэу къекІэрэхъуэкІри, зэпеуэр кьызэзыгъэпэщ Дохъушокъуэ Мадинэрэ сэрэ дызэхуэзащ, сэри сыхэтыну сыкъригъэблагъащ.

2012 гъэм Абхъазым щекІуэкІа тхьэІухуд зэпеуэм вице-королевэ сыщыкъуат, уеблэмэ илъэс 12 ныбжьым ситу сыщытекІуат тхьэІухудхэм я зэпеуэу Пионерхэм я унэм кьыщыізэрагъэпэщам. Ауэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэІухуд» зэпеуэр кьыызыхуагъэфэщэну си пщІынхьи кьызэхуэрэтэкъым, уеблэмэ, иджыри кьызыдэсым си фІэщ схуэщІыркъым. Утыку ихьэгъуэ кьэскІэ зэхъуэкІыу сщыгъа бостейхэр сэращ кьэзыгупсысар. Зэпеуэм и иужьрей Іыхьэм пъэпкъ фащэм и нэщэнэ кьытетщу хъыджэбзхэм ящыгъа фащэхэр ди студием ейщ.

Сэ зэрысщІэмкІэ, зэпеуэм щытекІуар иджыри зыбжанэрэ утыку ирашэну загъэхьэзыр. ЩэкІуэгъуэ маззэм Астана щекІуэкІыну, дунейпсо модэм и гъэлъэгъуэныгъэм сыхэтынущ. Гъэ кьакІуэ и мэлыжьыхь маззэм ирагъэкІуэкІыну трауху кьыдэкІыну щекІуэкІ зэпеуэм КЪБР-м кьыбгъэдэкІыу сыхэтыну сурадащ, - жеІэ пщащэ ТхьэІухудым.

СОКЪУР Майе.

● Хъыбар гуапэ

Лъэпкъхэм я унэм щагъэлъагъуэ

Гъуазджэхэмкіэ европей академием и академик, КЪБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Бгъэжьнокъуэ Заурбэчрэ «Нартхэм я фІыгъуэхэр» VIII дунейпсо сабий-ныбжьыщІэ зэпеуэ-фестивалым щытекІуахэмрэ я Іэдакъэщ1экІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 1 - 18-хэм щекІуэкІынущ Лъэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтым.

ФИГУ къздгъэкІыжьинщи, «Нартхэм я фІыгъуэхэр» дунейпсо сабий-ныбжьыщІэ зэпеуэ-фестивалыр 2008 гъэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІ Лъэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтымрэ ди лъахэгъу сурэтыщІ-модельер ТІажь Альбинэ и фондымрэ.

Илъэсийм кьриуфыдэу «Нартхэм я фІыгъуэхэр» фестивалым хэтащ Урысейм и щыналъэ 13-м, Европэм, Азием, Африкэм, Латин Америкэм, Израилым я кьралыгъуэ 25-м щыщ лъэпкъ 53-м я сабийрэ щІалэгъуалэу мин 14-м нэблагъэ. КИФ-щІ-м, Ипщэ федеральнэ щыналъэм, Мэзкуу, Абхъазым, Тыркум, Иорданием, Италием щекІуэкІа зэпеуэ-фестивалхэм щытекІуахэм я Іэдакъэщ1экІхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм цІыху мин 30-м щІигъу кьрихьэлІащ.

ЩэкІуэгъуэм и 1-м яубла иджырей гъэлъэгъуэныгъэри абы еплъыныхэм гунэс, гъэщІэгъуэн зэращыхъунур ди фІэщ мэхъу.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

Зи хъуэпсапІэр ин

ТеплъафІэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, зэпІэзэрыт, зи Іэщ1агъэр фІыуэ зылъагъуу абы темызашэ щІыхум удимыхьхьынкІэ Іэмал иІэхъым, зэ уепсэлъылІамэ, иджыри сыхуэзарэт, сыбгъэдэсарэт жыпІэу. Апхуэдэ псалъэ дахэ куэд хужыпІэфынущ мы тхыгъэр зытеухуа, Щоджэнц1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ ныбжьыщІэ Хьэхъуэпащ1э ФатІимэ.

● Гъуэгу къежьапІэ

КУРЫТ школым хъарзынэу щеджа пщащэр Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и институтым актёр Іэщ1агъэм щыхурагъаджэ и факультетым щІэтІысхьэри щыгъуэ, Лъэпкъыл хъыщхьэ зригъэгъуэтауэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ актрисэу мэлажьэ. А зэман кІэщІым кьриубыдэу ФатІимэ хуэзфІэкІащ театреплъхэм ягуми я псэми дыхьэн.

ПэщІэдзэ классхэм щыщІэса зэман лъандэрэ сценэм зи нэр кьыхуикІ хъыджэбзым игу кьеГъэкІыж а Іэщ1агъэм зэрыдихьэха щыкІэр:

- Ныбжьыщ1эхэм я деж щекІуэкІа «КЪБР-м и мисс-1997» зэпеуэм илъэсибл ныбжьым ситу сыхэтауэ щытащ. Сыпсэлъэну схухаха зэманыр иуха пэтми, микрофоныр згъэтІылъыжмэ, утыкум зэи сыкърамыгъэхьэжьын сфІэщІу сыпсалъэу ситт. СщІэртэхъым ар кьызэрыщыщыхьуар. Абдеж кьыщежьауи жыпІэ хъунущ сценэм хуэсщІа лъагэныгъэр.

И сабийгъуэм щыщ нэгъуэщІ зы гъэщІэгъуэнми и гугъу кьытхуищІащ ФатІимэ. Теплъэгъуэ гъэщІэгъуэнхэр игъэхьэзырурэ унагъуэм ихэм я пащхьэ щигъэлъагъуэрт. Ар ятеухуауэ щытынкІэхъунутиі егъэжьакІуэхэм, и ныбжьэгъу щыкІухэм, е езы унагъуэм щІэс дыдэхэми.

ФатІимэ и анэр театрым хуэдожник-модельеру щылажьэрти, спектакль щыщІэхэм деж хъыджэбз щыкІур здишэурэ ягъэпІэпІырт. ИужькІэ, балигъ хъуа нэужь, езыр-езыру кІуэуэ щІидзащ, еплъ мыхъуу, зыкъыщигъэлъэгъуэнуи.

Зэрысабийрэ зи лъэр сценэм нэзыхуэсу абы щыджэгуным хущІэкъуа хъыджэбзым иджы роль зэхуэмыдэхэр егъэзащІэ. Пащащэм зэрыжиІэмкІэ, «утыкур и уз куэдым я хущхъуэгъуэщ».

Нэхъыбэм абы кьыпльысхэр хъыджэбз дахэ, гъэфІа хуэдэхэм я ролхэрщ. Ауэ иБзыщІыркъым жьы хъуа цІыхьэ, Іей кьызыпкърыкІ, лей зезыхьэхэми я «фэм ихьэну» зэрыхуейри.

Актрисэ ныбжьыщІэр япэ дыдэу щыджэгуащ щытар Фырэ Руслан игъэува «Лъагэныгъэм итхьэкъуа цІыхубзий» спектаклращ. ИужькІэ абы кьыкІэлъыкІуащ нэгъуэщІ спектакль куэди.

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу Дабгаевэ Роман игъэува «Уахътыншэхэр» пьесэм образ нэхъыщхьэу хэта Вероникэ и роль гъэзэщІэным гугъу зэрыдехьами кьытхутепсэлъыхьащ ФатІимэ.

- Сценэ жьпІэ щхьэкІэ, образ гуэрым и Іащ1эр, абы и кьеКІуэкІыкІар утыку ипхьэу аращи, абы и дуней тетыкІам, и псэукІам, и хьэл-щэнхэм щыгъуазэ захуэпщІым и мызакъуэу, япэ репетицэм кьыщыщІэдзауэ абы и гъащІэмкІэ псэун щІыбдозэри, и гугъуехьыр дыбогуэш, и гуауэри дыбогъэв, и гуфІэгуэри дыбоІэт, спектаклыр театреплъхэм я пащхьэ ипхьэху. Вероникэ и образыр хуабжьу си гум дихьам и мызакъуэу, хьихьауэ щытащ. Уеблэмэ а цІыхубзым и хьэлщэнхэм щыщи кьызэрысщтами гу лъызотэж, - жеІэ абы.

Дэбагъуэ Роман и мызакъуэу, ФатІимэ ядэлэжьащ Фырэ Руслан, Теувэжькъуэ Владимир, ЕмкІуж Андзор, ХьэмыкъуэОлег сымэ. Дэтхэнэми уцІытепсэлъыхьынрэ хужьІпІэнрэ зэрыкуэдыр, псом я дежи Іуащ1ыгъ гъэзэрыщищІар, гъуэгу пэж теувэным, илэжь Іуэхур нэхъ тынш щыхъуэн пащІэ кьрата чэнджэщхэр куэду сэбэп кьызэрыхуэхъуар жеІэ пащащэм.

ЗрикІуэ гъуэгум теувэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъуэхэм, езыгъэджахэм я гугъуи ещІ ФатІимэ. Псом хэзмыдэу игу нэхъ кьинэжаехэм ящыщщ нобэр кьыздэсми пыщІэныгъэ зыхуиІэ, сценэми зи гъусэу ит Балъкъэр Тамарэ и дерсхэр.

- Сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу кьыпхуэхъуну кьызырщ Тамарэ, - жеІэ артисткэ ныбжьыщІэм. - Дэтхэнэ зы студентми и гукъеуэр зыхищІэу, абы иригузавэу, зэрызыщІигъэкъуэным яужь иту апхуэдэт ар. Иджыпстуи утыкум зэгъусэу дыщихьэхэм деж, си гур нэхъ мамыру щытщ, сыщІэшынэни сыщІэгузэвэни щымыІэу кьысщоХъу.

Дэтхэнэ щІэдзапІэри гугъущ. ФатІимэ ибзыщІыркъым зыпэрыува Іэнатіэр нэхъапэм кьызэрегугъуэкІар, сыту жыпІэмэ, институтым щагъэув спектаклхэмрэ щІыбзэ театрым кьекІуэлІэнухэм я пащхьэ узэриухьэн хуейм зэрызэхуэмыдэр езыми кьыгурыІуэрт. Ауэ зыхьха гупми захигъэзагъэри, театреплъхэми ягу дыхьэн хуэзфІэкІащ абы.

ЦІыху кьэс зэфІэкІ гуэр иІэщ, ар кьигъэсэбэпурэ и лэжьыгъэр цІыхубэм ябгъэдилъхьэу. ХьэхъупащІэ ФатІимэ и зэфІэкІыр, псэ кьабзэкІэ зыбгъэдэт пэжжыгъэр зыхуэгъэззар псом хуэмыдэу ГъащІэм и гуащІагъри, и Іэфіагъри, и пІащІагъри зыхэзыщІхэрщ. Гу зылъытапхъэщи, гууазджэм цІыхубэр пэІэщІэ мыхъуу кІуэ пэтми нэхъ дехьэх. Лъэпкъыр уахътыншэ зыщІыр и щэнхабзэр арауэ зэрыщытыр куэдым кьагуроІуэ. ФатІимэ и хъуэпсапІэ нэхъ инхэм ящыщщ лъэпкъ щэнхабзэм нэхъри зэрызэиужьын Іэмал игъэутыну. Дэри ди гуапэщ а хъуэпсапІэр нэрылъагъу хъуну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

Щэ мэжаджэ

Нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар тепщэчым иракІутэ. Шыгъу зыхэлъ псы къэкъуалъэр абы хакІэрэ хупщІынэр бэлагъкІэ япщ. И бахьэ пщтырыр ягъакІуэри, гуэдз хьэжыгъэр щІапщэ, и щхьэр трапІэри, Іэфі къыщІыхьэн щхьэкІэ сыхьэти 9 - 10-кІэ щІыІапІэ ягъэув. ИтІанэ ар тхъу зыщыхуа тебэм см 4 - 5 и Іуягъэшу иралъхьэ, абы мэл кІапэ гъэвэжа жьахуэ тракІутэ, хупщІынэм хагъэхьэурэ, и щхьэр джафэ ящІ, шху щІыІэ щахуэ, мэжаджэр къэмычэн щхьэкІэ. Тебащхьэр трапІэри, мафІэр ешэхауэ сыхьэтитІым нэскІэ ягъажьэ. ЖьэгукІэ е хьэкулъэкІэ ягъэжьа мэжаджэм и щхьафэр тхъуэплъ дахэщ, мэ гуакІуэ иІощ. Мэжаджэр щабэ ящІын щхьэкІэ, тебэм зэрилъу и щхьэр тепІауэ дакъикъэ 15 - 20-кІэ щагъэтщ. Мэжаджэ бзыгъэхэр лантІэ-лантІэу, зэпымыщІыкІыу щытын хуейщ. Шэ хуабэм докІу, шху дашх, къалмыкъ шейм драф.

Халъхьэхэр *(цІыхуитху Іыхьэ)*:
Нартыху хьэжыгъэу - г 800
Псывэу - г 2000
КІапэ жьахуэу - г 50
Тебэщыхуэ тхъуэ - г 5
Гуэдз хьэжыгъэу - г 100
Шхууэ - г 20
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Матэ кхъуей гъэжьа

Матэ кхъуейр ягъэщащэ, шыуаным ит тхъу къэплъам хакІутэри, чымчыркІэ зэІащІэурэ плъыжьыфэ хуэку ягъажьэ. Абы щэ щІэмыкІу щІакІэ, хуейуейр щІигъанэ къудейуэ. Абы халъхьэ шыгъу, шыбжий сыр плъыжь хьэжа, фІыуэ зэІащІэурэ дакъикъи 2 - 3-кІэ къагъэкъуалъэ. Пщтыру яшх, чыржьын, хьэлІамэ, щІакхъуэ и гъусэу. Шэ хуабэ е ерэн трафыхьыж.

Халъхьэхэр:
Матэ кхъуейуэ - г 200
Шэуэ - г 180-рэ
Тхъууэ - г 50
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхьжащ.

ГъуэплъащІэ Мухьэмэд ТІэхьир и къуэм пасэу щІидзауэ алыдж-урым бэнэкІэм зыхуегъасэ. Ныбжьыкіэ щІалэмэи, къалэ, республикэ зэхьэзэхуэхэм ехьулІэныгъэхэр щІызыІэригъэхьэну хунэсащ.

Дунейр къэкІухьи, уи унэ ихьэж

● Псалъэ пэжхэр

♦Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.
♦Дыщэр дыщэ зыщІыр пщІэнтІэпсщ.
♦Гугъу уехьу къэблэжьыр Іэфіщ.
♦Зи жьэ куэд жиІэм и Іэ куэд ищІэркъым.
♦Къуажэ зиІэ нэхърэ - Іэ зыфІэт.
♦Мэлыхьуэр куэдмэ, мэлыр хьэрэм мэхъу.
♦Мыдэф и Іуданэ кІыхьщ.
♦Іуэхунщэ псэлъэрейщ.
♦Ахъшэ и куэдмэ, делэми, пщыщ.
♦Зи Іуэ былым из нэхърэ, зи щхьэ акъыл ит.
♦Ибэр бэшэчщ.
♦Дунейр къэкІухьи, уи унэ ихьэж.
♦Япэ умыуэ, къауэм ущымысхь.
♦Дыщэ унэ нэхърэ - уи унэжь.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **7**. Іэщэ. **8**. Дзэлыкъуэ районыи хиубыдэ къуажэ. **10**. Планэпэ. **12**. Псэущхьэ, тонни 100 хуэдэ къэзыщэ куэд яхэту. **13**. Жьым щытхъуи, ... къащтэ. **15**. ХьэщІэ лъапІэм хуаукІ Іэщ. **17**. Зи щхьэм имыт, мыгупсысэу Іуэху гуэрхэр зэрызыхъэ. **18**. Адэшхуэм чэнджэщ ирет дзэ къулыкъум дэкІ и къуэрылъхум: «ЛІы хуэдэлІу щыт, ... жегъэІэ!» **21**. Зил къыпщІэмыуэнуми уи ... хуумыІуатэ. **22**. УщІэгъэзэни ущІэдыхьэшхи зыхэлъ Іуэху кхъхъугъэ. **23**. Шатэ е тхъуцІынэ гъэвэжам я щхьэм къытрищІэ дагъэ. **26**. Зеинщэ. **27**. Зауэ зэманым цІыхубэм ... куэд ягъэващ. **29**. Ахъшэ жьгъей. **30**. ... -ней. **32**. «Уи ... фІэсщынщ» - Щоджэнцікіу Іэдэм и повесть цІэрыІуэ. **33**. Къулыкъушхуэ зыІыгъхэм, къулейкэм я пхъэнкІакІуэ-лъэсакІуэ. **36**. Сыбыр лъэныкъуэмкІэ щыІэ псыежэх абрагъуэ. **38**. Шыгухум ар Іащ Іэлъщ.

Къехьу: **1**. Ямыупсу щхьэкум къранэу щытэ щхьэц Іэрамэ. **2**. Лъиифэ бадзапщІэ цІыкІу. **3**. Быи. **4**. ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. **5**. Пыежэхым и адрей лъэныкъуэр. **6**. Языныкъуэпхъэщхьэмыщхьэхэм я кум илъщ. **9**. Зи щІыкуэ птелъым ... **10**. Псыежэхым и ... макъ. **11**. ПІастэ зрагъэпщІ шхыныгъуэ. Е бжьыныхъ ... **12**. Щыгъын. **14**. Взвод, ..., батальон, полк. **16**. Щоджэнцікіу Алий и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. **18**. Шхыныгъуэ: нартыху ... **19**. Іэщым, шым я фэр изых бадзэжь. **20**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар адзжь щІэинщ. **24**. Сабийр ... хьэущ, гъыринэщ. **25**. ЗэрэджыІакІуэ, уэрэдус цІэрыІуэу щыта Тхьэбысым ... **27**. Чыржьын, хьэтыкъ, мэжаджэ, ... **28**. УІэгъэр зэрапхэ щэкІ кІапэ хужь. **31**. ЦІыхум хущІэкъуэгъуэу къагъэсэбэп, Іэщым фІыуэ яшх удз. Урысыбзэкіэ - подорожник. **32**. ... уи пашэмэ, вэнвейм ухешэ. **34**. Хадэм зэрилажьыхь Іэмэпсымэ. **35**. Хьуэжэ зи кІэр пиупщІа псэущхьэ. **37**. Къуэш ... нэхъэ - ныбжьыбзэгъуфІ. **39**. Бдзэжьей лІэужьыгъуэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдэ**.



Жэпуэгъуэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **7**. ЖьантІэ. **8**. Абазэ. **9**. Щхьэл. **10**. Дыхьэгъ. **12**. Кърым. **13**. Хуарз. **15**. Берд. **19**. ІупщІэ. **20**. Мастэ. **21**. Пхъэр. **24**. ЩІакхъуэ. **25**. Бжэгъу. **28**. Жинт. **30**. Дабэч. **32**. ЩІыхуэ. **33**. Нащэ. **34**. ПцІым. **36**. Къунан. **38**. Медан. **40**. Болэ. **41**. Индыл. **42**. ПщынкІ.

Къехьу: **1**. Бжьыхьэкіапэ. **2**. Анэл. **3**. Нэгъуд. **4**. Къуаргъ. **5**. Балъкъ. **6**. Дзэлыкъуэдзэ. **11**. Хьэ. **13**. ХущІэ. **14**. Рим. **16**. Есфэ. **17**. Дэп. **18**. Псыхуабэ. **22**. Хукъуэ. **23**. Ажэ. **26**. Финляндие. **27**. ШхуэмылакІэ. **29**. Тэн. **30**. Дыщ. **31**. ЧыцІ. **32**. ЩІым. **35**. Уд. **37**. Надэ. **38**. Молэ. **39**. Напэ. **40**. Бжьын.

● Гушыіэхэр

Йокъури йожьэж

Фэтэрым хэлъ уэзджьынэр къоузу. Бжэр Іуахмэ, лЫ мыщІыху щытщ.

- Фи кІрантІым псы къыдэжрэ?

- Хьэуэ...

- Щхьэщытхъухэ я унагъуэракъэ мыбы щыпсэур?

- Хьэуэ, ахэр зэрыІэпхъуэрэ илъэс мэхъу...

- ГъэщІэгъуэнщ мы цІыхухэр! Сантехникыр къредэжри, езыхэр йокъури йожьэж!

Псэущхьэ тхьэмыщкІэ

- Уэ си гъунэгъужь, уи фызыр зэпымычу зытекІиер хэт?

- Ди хьэрщ.

- Сыту псэущхьэ тхьэмыщкІэ ар. Унэм щІидзу ІункІыбзэ Іухри къытрихыжыну дыгъуасэ жриІэрт абы.

Билетыр хьэм ейщ

МафІэгум и вагон зэпыхьэпІэм зылІ итщ, хьэ абрагъуэ щІыгъуу.

ГъуэгупщІэр зыта-зымытахэр къэзыпщытэр лЫм щыбгъэдыхьэм, абы билетыр кьригъэлъэгъуащ.

- Хьэми кхьыхуэпщэхун хуеящ билет, - жиІащ кондукторым, зэрымыарэзыр и фэм къыІуатэу.

- Ар хьэм ейуэ аращ.

- Ууейр-щэ?

- Сэ сиІэкъым. Ухуеймэ сикІынщ, мыр къыпхуизнэнщи.

Бзэ Іэфіу ущытын хуейщ

- Си гъащІэм слъэгъуакъым жэмым жэщ-махуэм шэ литрищэ къыщІэкІыу. Ар дауэ хьэхъуліэрэ?

- Бзэ Іэфіагъэырщ псори зэлъытар. Пщэдджыжьым Іуэм сыщІохьэри: «Сыт, си мамыжь, нобэ тщІэнур? Шэ къызэптыну хьэмэрэ лы сщэну?» - жызоІэри соупщІ.

● Чэнджэщхэр

Бэлагъыр ятхьэщІыркъым

■Хывышэм нэхъ дагъэ куэд щІэтщ, жэмышэм нэхърэ.
■ДжэдыщІэм япэу къикІэцІ джэдыкІэр цІыкІунитІэщ, ныбгъуэ джэдыкІэм хуэдизу, ар яшх хабзэкъым.
■ГъэтІылъыгъэ ящІыну къъуейр щыхэхын хуейр мэкъуауэгъуэ, бадзэуэгъуэ, шыщхьэуІу мазэхэрщ. Мис абы щыгъуэ хаха къъуейр Іэфіщ, витамин куэду хэлъщ.
■Тхъур нэхъыбэрэ бгъэвэжыхукІэ, нэхъ къабзэ икІи нэхъ Іэфі мэхъу, куэдри зэлыхьэркъым.
■ПІастэр зэрапщэ бэлагъыр ятхьэщІыркъым, кІэрыжьа пІастэр сэкІэ кІэратхъунщІыкІ.
■Жэмыкуэ е къъуейжьапхъэ щащІкІэ джэдыкІэ куэд халъхьэмэ, тхъу къыщыщІимыдз щыІэщ. ДжэдыкІэм шатэм къыщІидз тхъур зыщІеф.
■Нэхъыжьхэм джэд гъэва е гъэжьа щашхІэ джэдыфэр къытрахырти, щІыкІуэхм ираты щыІынну, нэхъ щІалэ фищІынщ, бланэ фыхъунщ икІи нэхъыбэрэ фыпсэунщ жаІэрти.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Зы уэрэдым и хъыбар

ПыІэ гъуабжэ плъыфэ

ЩІалэм: - ПыІэ гъуабжэ плъыфэм уи фэр изоплъри,
лъахъшэу щхьэрызокъуэ, уей.
Шы къарэ лъэпсыгъуэм бгъукІэ зыдезгъэкІуурэ
унэм изохулІэ, уей.
Хъыджэбзым: - Си нэм и нэху, си псэм и хъуахуэ,
бжэр ныззІуэодзри, уей.
Щхуу зыкъедзыхи, унэм зыкъыщІэдзи,
гуэлъ жьыдгъэІэ, уей.
ЩІалэм: - ЛІыгъэр зытезгъакІуэу унэм ныщесхулІэкІэ,
нэкІэ укъызоуэ, уей.
БауэкІэщІ сыкъохъури, фІэхъус схужьмыІэурэ,
уи Іэр сокъужкъэ, уей.
Хъыджэбзым: - Си Іэр щыпкъужкІэ,
фІыпльагъуныгъэщи, си гум ныхохьэ, уей.
Унэм дыщІохьэжри, Іэнэ ухуахэр пхуэзІуэохрэ, уей.
ЩІалэм: - Мазэр зи нэгуу, Іэ кІуэцІыр зибг жи,
си Іэр зибгыфырдзэ, уей.
БдзапщІэу зыщІызодзри, пэшым зыщІодзэжри,
нэпсхэр щІогъэкІыр, уей.
Хъыджэбзым: - Уи щІыбагъ къэбгъаззу
ущыдзкІыжкІэ, нэпсхэр къысфІыщІожьр, уей.
Уэ зэ къэбгъэзэжтэм, жеипэ закъуэкІэ
нэхуэхэр дгъэщынт жи, уей.

* * *

Зы лъэпкъи дунейм теткъым уэрэдыр цІыхубэм я гум нэзыхьэсыфэ уэрэджыІакІуэ имыІэу.

Аэрэщ уэрэдым пкъы щІэзылъхьэр, псэ хэзылъхьэр. Арауи къыщІэкІынщ уэрэджыІакІуэ нэсыр игъащІэ поклІэ щІыхум я гум къыщІинэр.

Уэрэдым мыхьэнэуэ иІэр цІыхубэм зыхеэзыгъэщІахэм ящыщщ Къэжэр Индрис. МащІэщ Индрис уэрэду къыткуигъэнар, ауэ ахэр къыддэгъуэгурыкІуэнущ. «ПыІэ гъуабжэ плъыфэ» уэрэдым и псалъэри макъамэри зыткар Къэжэр Индрисщ. Ар 1895 гъэм Альтуд къуажэм къыщалъхуащ.

Зэрысабийрэ Индрис дахьэхырт пшынэ еуэным, къэфэным, уэрэд жьІэным. А Іуэхугъуищым къыддэкІуэу, дэрбзэр Іэщ Іагъэри зыпищІын щымыІэу фІыуэ иІъагъурт. КъызэрыгуэкІ мэкъумэшыщІэ унагъуэм къыхэкІа щІалэр сыт хуэдэ лэжьыгъэми хуэІэижьыт. Зэманыр кІуэуэрэ, 1929 гъэм Индрис и хъуэпсапІэм хуэмурэ пьоІэс. Абы щалъхуа и къуажэм къыщыззэрегъэпэщ уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамбль. Ауэрэ Индрис цІэрыІуэ мэхъу. 1933 гъэм ар кърагъэблагъэ уэрэдымрэ къафэмкІэ къэрал ансамблым. А гъэ дыдэм Индрис езым игъэзащІэу уэрэдитІ плёнкэм третхэри, радиом и фондым хелъхьэ - «Си Рэмэзанымрэ» «ПыІэ гъуабжэ плъыфэмрэ». А уэрэдитІращ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, езы Индрис игъэзащІэу къытхуэнари.

Хэку, дахагъэ, лъагъуныгъэ - арат зытетхыхьыр Индрис.

1941 гъэм Хэку зауэшхуэр зэхъуейуэ гъэр хъууэ фашист концлагерым имыкІуэдамэ, хэт ищІэрэт Къэжэр Индрис и къалэмыпэм уэрэду къыщІэкІынум я бжыгъэр зыхуэдизыр?!

Илъэс 90-м нэблэгъа мы уэрэдыр нобэми щІэщыгъуэщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, ар къагъэщІэрэщІэжурэ жаІэ уэрэджыІакІуэхэми.

КІУНТІЫЩ - ХЬЭПЦІЭ Аннэ.



● Интернетым дыкъыщоджэ

Насыплъыхъуэ

Адэр сымаджэ хьэлъэ щыхъуи и къуэм жриІащ:

- Си щІалэ, сэ мы къызэуэлІа узым сыкъельынукъым. Ауэ уэ насыпыфІзу упсэну сыхуейщ.

- Ди адэ, сыт насыпыфІэ сыхъун щхьэкІэ сщІэн хуейр?

- Ежьи, дунейр къызэхэкІухь, насыпыр зищІысырэр ар къызэрыбгъэтынумрэ къыбжаІэнщ.

Адэр лІа нэужь, къуэр ежьащ. Уэру ежэх псышхуэм нэсри, абы и Іуфэм къыщызыщыщых шы уэдыкъуам ирихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ щІалэщІэ, - щІэупщІащ шыр.

- Насыплъыхъуэ сыкъежьащ. Уэ пщІэуэ пІэрэ ар къыщыгъэгъуэтынур?

- Мыдэ къызэдаІуэ, - къитащ жэуап шым. - Сэ си щІалэгъуэм псоми фІыуэ сыкъалъагъурт, сагъашхэрт, сагъафІэрт. Уеблэмэ шхалъэм си щхьэр хуэсшийртэкъым, си жьэм кхьыжьэдалъхьэрт. Сыт хуэдиз лэжьыгъэри си фэм дэхуэрти, нэгъуэщІхэм сегупсысырэткъым. Абы щыгъуэм сэ нэхърэ нэхъ насыпыфІэ мы дунейм темыту къысщыхьурт. Иджы жьы сыхъуащи, зыри къысхуеижьыркъым. Сэ бжьзоІэ - уи щІалэгъуэр хъумэ. Сэ щадзэй, сауКІыну сыкърахуэкІ. Псоми зафІэзогъэпщкІу. Иджы сэращ бжьхэм ящыщынэр. Уэри уиІэщ бзэгу. Уи псалъэм ухуэсакъмэ, тыншу упсэунущ, жьы ухъуа нэужьи зыми зыбІэбгъэпщкІун хуей хъунукъым. Апхуэдэу ущытмэ, насыпи уиІэнущ.

Блэм къыжриІар зэригъэзэхуэурэ щІалэм и гъуэгум пищащ. Губгъуэм ит жыгышхуэм зы бзу дахэ тест, ицхэр зэмыфІэгъуу цІурэ, езыми зыкърихыу.

- Дэнэ укІуэрэ, щІалэ? - щІоупщІэ бзур.

- Насып къызолъыхъуэ. Уэ сыт хэпщІыкІрэ абы и хэщІапІэм?

- ЗэрыслъагъумкІэ, куэд щІауэ гъэзгу утетщ. Уи нэгур зэхэуфащ, уи щыгъынхэр сабэм иуащ. Уэзрыщытам урещхьыжкъым, блэкІхэми зыкъыпщадзей. Зэрыгурыуэгъуэщи, насыпми гъунэгъу зыкъыпхуищІыну фІэщщІыгъуейщ. Сэ си чэнджэщыр мыращ: сытым дежи дахагъэм урителъхьэу, уэри теплъафІэу ущытыфу зегьасэ. Мис абы щыгъуэм уи хъуреягъыр фІы защІэу щытынущ. Ар зыкъэплъхьэмэ, насыпри къэплъагъынущ.

ЩІалэр унэм кІуэжри, зигъэкъэбзащ, кхьыкраІа псоми егупсысащ. Абы иджы ищІэрт насып щхьэкІэ зыщІыпІи укІуэн зэрыхуэмейр.

ЗэхэзыгъэкІар **КЪЭБАРТ Мирэщ**.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуэ ІапІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суръэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм изу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутныигъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаишокъуэ Эльэ,** *редактору* **Уэрдокъуэ Женя,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъезыращ.
Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1688